


6 Etap pou itilize dezenfektan san danje epi yon fason efikas



Etap 1: Verifye si EPA te apwouve pwodwi w lan

Chèche nimewo anrejistreman EPA sou pwodwi an. Apresa, tcheke pou wè si li se sou lis dezenfektan EPA awpouve yo: [epa.gov/listn](https://www.epa.gov/listn)



Etap 2: Li enstriksyon yo

Swiv enstriksyon pwodwi a. Tcheke "itilize sit" ak "kalite sifas" pou wè ki kote ou ka itilize pwodwi an. Li "deklarasyon konsènan prekosyon pou w pran yo".

Etap 3: Netwaye sifas la avan

Asire w ou lave sifas la ak savon ak dlo si direksyon yo mansyone netwayaj avan oswa si ou ka wè sifas la sal.



Etap 4: Respekte tan kontak la

Ou ka jwenn tan kontak la nan enstriksyon yo. Sifas la ta dwe rete mouye pandan tout tan an pou asire pwodwi a mache byen.

Etap 5: Mete gan epi lave men ou

Pou gan jetab yo, jete yo apre chak netwayaj. Pou gan ou kapab itilize ankò, chwazi yon pè pou dezenfekte sèlman pou COVID-19. Lave men ou apre ou fin retire gan yo.



Etap 6: Fèmen li a kle

Fèmen kouvèti yo byen sere epi mete yo kote timoun p ap ka jwenn yo.